**दिन–बुधवार** **दिनांक–15.07.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्य सरकार सीतामढ़ी जिला मे स्थित सीताक जन्मस्थली पुनौरा धामक वास्ते तैयार ट्रस्ट डीड के अनुमोदन करैत राजस्व आ भूमि सुधार विभागक ओहिठाम अर्जित पचास एकड़ सँ बेसी भूमि न्यास समिति के निशुल्क उपलब्ध कराओत। आइ राज्य मंत्री परिषदक भेल बैसार मे एहि आशयक निर्णय कयल गेल। बैसार मे कुल पच्चीस प्रस्ताव पारित भेल।

---

प्रदेशक दू सय एगारह प्रखंड मे नवस्थापित डिग्री महाविद्यालय सभ मे आइ सँ पठन–पाठन शुरू भऽ गेल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी भागलपुर जिलाक कासिल गाम मे आयोजित समारोह मे एहि महाविद्यालय मे शैक्षणिक सत्रक शुभारंभ कयलनि। एहि अवसर पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करैत मुख्यमंत्री भागलपुर मे आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस आ कम्प्यूटरक उच्च शिक्षाक वास्ते अत्याधुनिक विश्वविद्यालय के स्थापित करबाक घोषणा कयलनि। श्री चौधरी कहलनि जे सरकार शिक्षाक संग–संग रोजगार उपलब्ध करयबा पर सेहो जोर दऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक अंतर्गत छूटल पात्र महिला सभक खाता मे पच्चीस जुलाई के पहिल किस्तक राशि पठा देल जायत। श्री चौधरी कहलनि जे भागलपुरक लाईफ लाइन विक्रमशिला सेतु के तीस नवम्बर सँ पहिने आम जनताक वास्ते आवागमन लेल खोलि देल जायत।

---

मानसूनक सक्रियता सँ प्रदेश मे बरखा भऽ रहल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक उत्तर–पश्चिम क्षेत्र मे भारी बरखा भेल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार सीवान जिलाक महाराजगंज मे सभ सँ बेसी एकासी दशमलव दू मिलीमीटर बरखा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे आइ पूर्णिया जिलाक किछु स्थान पर भारी बरखा भऽ सकैत अछि। प्रदेशक आनो जिला मे सेहो बरखा हेबाक संभावना अछि। एम्हर, समस्तीपुर जिलाक सरायरंजनक मुसापुर मे ठनकाक चपेट मे अयला सँ एक महिला समेत दू गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि। गया जिला मे सेहो बरखाक क्रम मे ठनका खसबाक घटना मे एक छात्रक मृत्यु भऽ गेल, जखनकि दू आन छात्र गंभीर रूप सँ झरकि गेलाह।

———————————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे भऽ रहल भारी बरखाक कारणें गंडक, बागमती, कमला बलान आ कोसी नदीक जलस्तर मे लगातार वृद्धि हेबाक प्रवृति बनल अछि। बेतिया सँ हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे वाल्मीकिनगर गंडक बराजक सभ छत्तीस फाटक खोलि देल गेल अछि। आइ बराज सँ एक लाख एकासी हजार क्यूसेक पानि छोड़ल गेल। शिवहर मे बागमती नदीक बढ़ैत जलस्तर सँ नीचां वला क्षेत्र सभ मे पानि पसरय लागल अछि। सीतामढ़ी मे सेहो बागमती नदीक जलस्तर मे लगातार बढ़ोतरी देखल जा रहल अछि। हमर अररिया संवाददाता जनौलनि अछि जे पलासी आ सिकटी प्रखंड मे बकरा तथा रतवा नदी मे लगातार कटाव भऽ रहल अछि। एहि सँ नीचां वला क्षेत्र सभ मे पानि पसरबाक खतरा बढ़ि गेल अछि। कोसी नदीक जलस्तर सेहो खगड़िया मे लगातार बढ़ि रहल अछि। मुजफ्फरपुर जिला मे औराई आ कटरा प्रखंड के जोड़यवला पीपा पुल के पूर्ण रूप सँ जलमग्न भेला सँ आवागमन बाधित भऽ गेल अछि।

———————————————————————

खगड़िया जिलाक बेलदौर थाना क्षेत्र अंतर्गत कचरा भवन लऽग वाहन चेकिंग मे एकटा दारोगाक पिस्टल आ मोबाईल छीन कऽ भागबाक कोशिश कऽ रहल एक अपराधी पुलिस मुठभेड़ मे घायल भऽ गेल। अपराधी पएर मे गोली लागल अछि। जिनक इलाज स्थानीय अस्पताल मे चलि रहल अछि।

———————————————————————

दरभंगा स्थित डीएमसीएच मे कुव्यवस्थाक आरोप मे कर्मचारी आ नर्स सभक धरना कार्यक्रम आइ सातम दिन सेहो जारी रहल।

मधुबनी मे जिला पदाधिकारी आनंद शर्मा आम जनक सुरक्षित आ सुगम आवाजाही सुनिश्चित करबाक लेल वर्षा ऋतु मे सड़क पर बनल खाधि सभ के मरम्मति करबाक आदेश देलनि अछि।

वैशाली जिलाक जिलाधिकारी वर्षा सिंह कर्तव्य मे लापरवाहीक आरोप मे गोरौल अचंलक राजस्व कर्मचारी राजू कुमार के निलंबित कऽ देलनि।

दरभंगा जिलाक उजान काली मंदिर लऽग कािल्ह भेल हत्याक मामिला मे पुलिस एक अभियुक्त के गिरफ्तार कयलक अछि। ओतहि, मधुबनी जिला मे पुलिस साईबर ठगीक मामिला मे एक दंपत्ति के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त